



SÈVIS SOSYAL AK SANTE DELAWARE (DHSS)
APLIKASYON POU ASISTANS MEDIKAL

Byenvini nan Sèvis Sosyal ak Sante ETA Delaware (DHSS)



Aplike pi vit sou entènèt

Aplike pi vit sou entènèt sou www.assist.dhss.delaware.gov
Sa konsène nenpòt moun ki vle aplike pou Asistans Medikal sèlman.



Ki moun ki ka itilize aplikasyon sa a?

- Sèvi ak aplikasyon sa a pou aplike pou nenpòt moun lakay ou, ansanm avèk nenpòt moun ki depandan fiskal ki pa nan kay la.
- Aplike menm si ou menm oswa pitit ou a deja gen asirans sante. Ou ta ka elijib pou yon asirans ki pi ba pri oswa gratis.
- Fanmi ki gen imigran ka aplike. Ou ka aplike pou pitit ou a menm si ou pa elijib. Lè w aplike, sa p ap afekte estati imigrasyon w oswa chans pou w vin yon rezidan pèmanan oswa yon sitwayen.
- Si w ap aplike pou Asistans Medikal sèlman, ou ka anmezi pou itilize yon fòm ki kout.



Ki sa ou ka bezwen pou w aplike

- Nimewo Sekirite Sosyal (oswa nimewo dokiman pou nenpòt imigran legal)
- Enfòmasyon sou anplwayè ak revni pou tout moun nan kay ou a (pa egzanp, soti nan fich pèman, fòm W-2, oswa deklarasyon salè ak enpo)
- Nimewo polis asirans pou nenpòt asirans sante aktyèl
- Enfòmasyon sou nenpòt asirans sante ki gen rapò ak travay ki disponib pou fanmi ou. Ou ka bezwen ranpli Apendis A.



Poukisa nou mande enfòmasyon sa yo?

Nou mande apwopo revni ak lòt enfòmasyon pou fè w konnen pou ki asirans ou kalifye epi si w ka jwenn nenpòt èd pou w peye pou li. **Nou pral kenbe tout enfòmasyon ou bay yo prive epi an sekirite, jan lalwa egzije sa.**



Kisa k ap pase apre?

Tanpri, itilize anvlòp ki gen adrès ou ak so pou w voye aplikasyon w siyen an pa lapòs. **Si ou pa gen tout enfòmasyon nou mande yo, siyen epi soumèt aplikasyon w lan kanmenm.** N ap fè swivi avèk ou. W ap jwenn enstriksyon nan pwochen etap yo. Si w pa tande nou, rele 1-800-372-2022.



Jwenn èd ak aplikasyon sa a

- **Telefòn:** Rele Inite Relasyon Kliyan nou an nan **1-800-372-2022**.
- **An pèsòn:** Ka gen travayè sosyal/administratè nan zòn ou an ki kapab ede.
- **An espanyòl:** Rele nan Sant Sekou nou an gratis nan **1-866-843-7212**.
- **Nan lòt lang ki pa anglè:** Rele **1-866-843-7212**.
- **Itilizatè TTY:** Rele **711** oswa **1-800-232-5460**.



SÈVIS SOSYAL AK SANTE DELAWARE (DHSS)
APLIKASYON POU ASISTANS MEDIKAL

Byenvini nan Sèvis Sosyal ak Sante ETA Delaware (DHSS)

Nou ede abitan Delaware ki nan bezwen yo lè nou bay Pwogram Asistans Medikal ki gen ladan:

- asirans gratis oswa a ba pri nan Medicaid oswa Pwogram Asirans Sante pou Timoun yo (CHIP)
- doktè, lopital, preskripsyon, laboratwa, ak radyografi
- plan asirans sante prive abòdab atravè mache a
- yon nouvo kredi enpo ki ka ede peye prim ou pou asirans sante imedyatman

Nou ka bay enfòmasyon sou lòt sèvis ki itil nan kominote w la. Yon zanmi oswa yon fanmi, oswa nenpòt moun ou vle, ka ede w ranpli aplikasyon sa a. Si w vle fè yon lòt moun jere ka w la epi aji kòm reprezantan w, tanpri ranpli Apendis C.

Aplikasyon w lan pa konplè jiskaske ou siyen dènye paj la. Retounen aplikasyon an ba nou.

ETAP 1 Pale nou de ou.

(Nou bezwen yon granmoun nan kay la pou moun yo ka kontakte pou aplikasyon w lan.)

Non, dezyèm non, siyati, ak sifiks			
Adrès kay la			Nimewo apatman oswa suit
Vil	Eta	Kòd Postal	
Adrès lapòs (si li diferan de adrès lakay ou)			Nimewo apatman oswa suit
Vil	Eta	Kòd Postal	
Nimewo Telefòn Prensipal () -		Nimewo Telefòn Segondè () -	
Metòd Kontak Prefere Mwen vle resevwa enfòmasyon sou aplikasyon sa a ak kominikasyon alavni pa mwayen: ☐ Adrès Imèl ☐ Lapòs Lapòs Amerikèn Adrès Imèl: _____			
Lang ou prefere pale oswa ekri (si se pa anglè)			

ETAP 2

Pale nou de ou ak moun lakay ou yo.

Èske ou? ☐ Selibatè ☐ Marye ☐ Divòse ☐ Separe ☐ Inyon Sivil ☐ Vèf ☐ Patnè ki pa marye

Enstriksyon yo

Ranpli kaz yo pou tout moun ki abite avèk ou yo. Si w deklare enpo, nou bezwen konnen tout moun ki sou deklarasyon enpo ou.

Ras: B = Nwa/Afriken Ameriken W=Blan Gwoup Etnik: H = Panyòl/Latino
 PI = Natif Awayen/Zile Pasifik A = Azyatik N = Ki pa Panyòl/Latino
 I = Endyen Ameriken/Natif Alaska (Si yon moun nan kay ou se Endyen Ameriken/Natif Alaska, ranpli tou Anèks B.)

Siyati	Non, Dezyèm non	Relasyon avèk ou	Èske w ap aplike pou moun sa a?	Sèks M/F	Nesans Dat mm/jj/aaaa	Sekirite Sosyal Nimewo*	Ras/ Gwoup Etnik (opsyonèl)	SITWAYEN Ameriken? Repons pou aplikan yo sèlman. **
		Pwòp tèt ou	☐ Wi ☐ Non	☐ M ☐ F				☐ Wi ☐ Non
			☐ Wi ☐ Non	☐ M ☐ F				☐ Wi ☐ Non
			☐ Wi ☐ Non	☐ M ☐ F				☐ Wi ☐ Non
			☐ Wi ☐ Non	☐ M ☐ F				☐ Wi ☐ Non
			☐ Wi ☐ Non	☐ M ☐ F				☐ Wi ☐ Non
			☐ Wi ☐ Non	☐ M ☐ F				☐ Wi ☐ Non
			☐ Wi ☐ Non	☐ M ☐ F				☐ Wi ☐ Non

*Nou bezwen sa a si ou vle asirans sante epi ou gen yon SSN. Bay SSN ou a ka itil si ou pa vle asirans sante tou paske li ka akselere pwosesis aplikasyon an. Nou itilize SSN yo pou tcheke revni ak lòt enfòmasyon pou wè ki moun ki kalifye pou èd ak depans asirans sante yo. Si yon moun vle èd pou jwenn yon SSN, rele 1-800-772-1213 oswa vizite socialsecurity.gov. Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-800-325-0778.

** Konsène aplikan pou asirans sante sèlman.

Ranpli seksyon sa a pou aplikan etranje legal yo sèlman.

1. Èske aplikan yo gen estati imigrasyon elijib? ☐ Wi. Ranpli seksyon ki anba a.

Non	Kalite Dokiman Imigrasyon	Nimewo ID dokiman an	Èske w ap viv Ozetazini depi 1996?	Èske oumenm oswa mari oswa madanm ou oswa paran w se yon veteran oswa yon manm aktif nan lame ameriken?

2. Èske gen timoun ki poko gen 18 lane k ap aplike ki gen yon paran ki absan?	☐ Wi ☐ Non
3. Èske gen timoun ki poko gen 19 lane k ap viv nan kay la?	☐ Wi ☐ Non
Si wi, ranpli anba a.	
Non paran oswa moun k ap bay swen an	Non Pitit la

ETAP 3

Pale nou de swen sante ou.

Èske gen moun nan kay ou a yo ofri kouvèti sante nan yon travay (menm si kouvèti an se nan travay yon lòt moun, tankou yon paran oswa mari oswa madanm)? **Si wi, w ap bezwen ranpli Apendis A.**

☐ Wi ☐ Non

Èske sa a se yon plan avantaj pou anplwaye leta a?

☐ Wi ☐ Non

Anplis Medicaid, èske nenpòt moun lakay ou gen asirans sante oswa Medicare? ☐ Wi ☐ Non

Si wi, bay enfòmasyon sa yo:

Non moun ki gen polis asirans lan	Non Asirans lan	Ki moun ki Asire	Ansèkle sa ki Asire	Nimewo polis asirans
			Doktè · Lopital · Tès laboratwa · Radyografi	
			Doktè · Lopital · Tès laboratwa · Radyografi	
			Doktè · Lopital · Tès laboratwa · Radyografi	
4. Nonmen non nenpòt moun nan kay ou ki ansent _____ dat pou remèt _____ Konbyen tibebe y ap tann pandan gwosès sa a? _____				
5. Nonmen nenpòt moun ki gen yon pwoblèm sante fizik, mantal oswa emosyonèl ki lakòz li limite nan aktivite l yo (tankou benyen, abiye, travay chak jou, travay, elatriye) oswa k ap viv nan yon etablisman medikal oswa yon mezon retrèt _____ _____				
6. Nonmen nenpòt moun ki te blese nan 2 dènye ane yo (aksidan machin, aksidan travay, neglijans medikal, elatriye)				
7. Èske gen moun ki gen plan pou ranpli yon deklarasyon enpo pou ane aktyèl la? ☐ Wi ☐ Non (Ou ka toujou aplike pou asistans medikal menm si ou pa ranpli yon deklarasyon enpo.) Si wi, tanpri ranpli anba a epi reponn kesyon A. Si non, ale nan kesyon B.				
Non moun ki Deklare Enpo a			Ki moun yo pral deklare kòm yon Depandan Fiskal	
A. Èske nenpòt moun ka ranpli ansanm ak yon mari oswa madanm? ☐ Wi ☐ Non Si wi, non konjwen:				
B. Èske w ap reklame kòm yon depandan sou deklarasyon enpo yon moun? ☐ Wi ☐ Non Si wi, tanpri fè lis non moun ki depoze enpo la ak ki jan ou gen rapò ak moun ki deklare enpo a: _____ _____				

8. Nonmen non nenpòt moun lakay ou ki te nan fanmi dakèy Delaware nan laj 18 lane oswa plis e ki te resevwa Avantaj Medicaid Delaware:

ETAP 4 **Pale nou de lajan moun lakay ou jwenn.**

- ☐ ANPLWAYE KÒMANSE NAN KESYON #9 (Si yon moun ap travay kounye a, pale nou de revni li.)
☐ TRAVAY ENDEPANDAN ALE NAN KESYON #19
☐ PA ANPLWAYE ALE NAN KESYON #21

☐ TRAVAY AKTYÈL 1

9. Tanpri ekri non moun nan:

10. Non ak adrès patwon an

11. Nimewo telefòn patwon an

() -

12. Salè/poubwa/komisyon (anvan enpo) ☐ Chak èdtan ☐ Chak semèn ☐ Chak 2 semèn ☐ De fwa pa mwa ☐ Chak mwa ☐ Chak ane
 \$ _____

13. Mwayèn èdtan travay chak SEMÈN

☐ TRAVAY AKTYÈL 2

14. Tanpri ekri non moun nan:

(Si ou gen plis travay epi ou bezwen plis espas, ajoute yon lòt fèy papye.)

15. Non ak adrès patwon an

16. Nimewo telefòn patwon an

() -

17. Salè/poubwa/komisyon (anvan enpo) ☐ Chak èdtan ☐ Chak semèn ☐ Chak 2 semèn ☐ De fwa pa mwa ☐ Chak mwa ☐ Chak ane
 \$ _____

18. Mwayèn èdtan travay chak SEMÈN

☐ TRAVAY ENDEPANDAN

19. Tanpri ekri non moun nan:

20. Si w ap fè travay endepandan, reponn kesyon sa yo:

- a. Kalite Travay _____
 b. Ki kantite lajan revni nèt (pwofi yon fwa ke depans biznis yo peye) ou pral jwenn nan travay endepandan sa a mwa sa a? \$ _____

☐ LÒT REVNI MWA SA

21. Kwoche tout sa ki aplike, ak kantite lajan an ak konbyen fwa ou jwenn li.

☐ Okenn

Ki kote lajan an soti	Ki moun ki jwenn lajan an?	Konbyen yo jwenn?	Konbyen fwa yo peye yo?
☐ Konpansasyon Chomaj		\$	
☐ Pansyon		\$	
☐ Sekirite Sosyal		\$	
☐ Kont pou retrèt		\$	
☐ Pansyon alimantè resevwa		\$	
☐ Agrikilti/lapèch nèt		\$	
☐ Lokasyon/redevans nèt		\$	
☐ Lòt revni		\$	

☐ CHANJMAN NAN TRAVAY

22. Nan ane ki sot pase a, èske nenpòt moun te: ☐ Chanje travay ☐ Sispann travay ☐ Kòmanse travay mwens èdtan ☐ Okenn nan sa yo

STEP 5

Pale nou de dediksyon enpo ou yo.

Kwoche tout sa ki aplike, epi bay kantite lajan an ak konbyen fwa ou peye li.

Si ou peye pou sèten bagay yo ka dedwi nan yon deklarasyon enpo, pale nou de yo ka bese pri asirans sante a yon ti kras pi ba.

REMAK: Ou pa ta dwe mete yon pri ou te deja konsidere nan repons ou pou travay endepandan nèt (kesyon 20b).

- ☐ Pansyon Alimantè peye \$_____ Chak kilè? _____
- ☐ Enterè prè etidyan \$_____ Chak kilè? _____ Kalite: _____
- ☐ Lòt dediksyon enpo yo * \$_____ Chak kilè? _____

*Pou lòt dediksyon potansyèl, al gade nan fòm 1040 deklarasyon enpo aktyèl ou a nan seksyon Revni Brit Ajiste.

Otorizasyon yo

Otorizasyon pou Resevwa Enfòmasyon sou Prevansyon Gwosès

Si w vle resevwa enfòmasyon, ou ka rele Planing Familyal nan 1-800-230-PLAN (7526).

Pou jwenn enfòmasyon sou gwosès adolesan, rele Alyans pou Prevansyon Gwosès Adolesan nan 1-800-499-WAIT (9248). Ou ka rele Liy Asistans Delaware tou nan 211 oswa 1-800-464-4357 pou klinik Planifikasyon Familyal Sante Piblik ki nan zòn ou an.

ETAP 6

Li epi siyen aplikasyon sa a.

DWA AK RESPONSABLITE

Mwen te li oswa te li pou mwen tout deklarasyon ki sou fòm sa a epi enfòmasyon mwen bay yo se verite epi konplè dapre sa mwen konnen. Mwen konprann mwen ta ka pran sanksyon si mwen fè espere mwen bay fo enfòmasyon. Mwen konprann ke tout enfòmasyon mwen bay yo konfidansyèl epi lwa federal ak lwa eta a limite divilgasyon enfòmasyon sou mwen.

Mwen konprann epi mwen dakò bay prè deklarasyon mwen yo. Mwen konprann epi mwen dakò Sèvis Sosyal ak Sante Delaware (DHSS) ka kontakte lòt moun oswa òganizasyon pou jwenn prè ki nesèsè pou m kalifye.

Mwen dwe bay Nimewo Sekirite Sosyal pou chak moun k ap aplike epi yo pral itilize li pou tcheke dosye yo ak lòt ajans gouvènman yo. DHSS mande m tou pou m bay Nimewo Sekirite Sosyal nenpòt moun ki gen revni yo itilize pou detèmine kalifikasyon mwen. Etranje ki pa legal yo pa oblije bay yon Nimewo Sekirite Sosyal.

Mwen konprann aplikasyon sa a pa pral konsidere ras, koulè, sèks, laj, andikap, relijyon, orijin nasyonal, oswa kwayans politik.

Mwen konprann mwen dwe aplike pou epi aksepte lòt avantaj mwen ka elijib pou jwenn tankou Konpansasyon Chomaj oswa Sekirite Sosyal.

Mwen pral pèmèt DHSS, oswa reprezantan li yo, aji kòm ajan mwen nan rekipere lajan ki depanse nan pwogram asistans medikal yo lè lòt lajan ki soti nan asirans, elatriye, vin disponib pou peye bòdwo medikal mwen yo.

Mwen ka oblije ranbouse DHSS nenpòt asistans medikal mwen pa gen dwa resevwa. Obligasyon mwen genyen pou mwen ranbouse asistans sa a aplikab pandan peryòd kalifikasyon mwen an ak apre mwen pa resevwa asistans medikal ankò.

Jan lalwa egziye sa, kòm kondisyon pou elijibilite, mwen bay tout dwa pou sipò medikal ak pèman pou swen medikal nan men nenpòt twazyèm pati bay DHSS, e mwen konprann mwen dwe kolabore ak Divizyon Ranfòsman Sipò pou Timoun nan etabli patènite ak jwenn sipò medikal. pou nenpòt timoun k ap resevwa asistans medikal.

Mwen konprann fanm ansent yo pa oblije kolabore nan etabli patènite ak jwenn sipò medikal e ke mwen ka reklame ke mwen gen bon rezon pou refize kolabore nan etabli patènite oswa nan idantifye ak bay enfòmasyon sou tyès responsab.

Mwen konprann antanke yon moun k ap resevwa asistans medikal, mwen pral otomatikman resevwa sèvis sipò pou timoun konplè nan men Divizyon Ranfòsman Sipò pou Timoun, sof si mwen deklare mwen vle resevwa sèlman sèvis sipò timoun ki gen rapò ak sipò medikal.

Mwen konprann si mwen se yon aplikan/benefisyè pwogram Medicaid oswa Timoun an Sante Delaware mwen gen dwa pou yon odyans san patipri si mwen pa satisfè ak nenpòt desizyon yo pran konsènan kalifikasyon mwen. Mwen

konprann mwen ka reprezante pa yon avoka oswa nenpòt lòt moun mwen chwazi.

Mwen dakò pou pèmèt DHSS, dirèkteman oswa atravè ajan li yo oswa Plan Sante Dyaman Eta a oswa Pwogram Timoun ki an Sante Delaware, gen aksè a tout dosye medikal ak sèvis sante ki baze nan lekòl la ak sèvis ki gen rapò ak chak manm nan kay mwen an ki kalifye pou swen medikal. asistans pou kapab administre pwogram asistans medikal la, kowòdone swen, detèmine nesesite medikal, epi evalye oswa peye pou sèvis medikal ki annatant oswa ki fèt.

Mwen sètifye, anba penalite pou fo temwayaj, mwen se yon Sitwayen Ameriken oswa etranje nan sitiyasyon imigrasyon legal. Mwen dwe bay prèv estati imigrasyon legal epi yo pral tcheke li atravè Sèvis Sitwayèn ak Imigrasyon Etazini (USCIS). Yo p ap tcheke estati etranje ki pa legal. Sa p ap afekte okenn detèminasyon chaj piblik oswa mennen nan pwosedi depòtasyon. Etranje ki pa legal yo ka elijib pou sèvis ijans ak akouchman sèlman.

Mwen dakò pou m rapòte nan 10 jou chanjman nan sitiyasyon mwen ki ka afekte elijibilite mwen, tankou yon chanjman nan konbyen moun k ap viv avè m, yon nouvo travay oswa yon chanjman nan revni, oswa si mwen demenaje.

☐ Mwen konfime pa gen moun k ap aplike pou asistans medikal nan aplikasyon sa a ki enkasere, nan detansyon oswa prizon.

☐ Si non, _____ enkasere. Mwen konprann mwen pa ka resevwa Asistans Medicaid (Èd medikal) oswa avantaj CHIP pandan yo enkasere.

RENOUVLE ASIRANS LAN NAN ANE K AP VINI

Pou rann li pi fasil pou detèmine elijibilite mwen pou èd pou peye pou asirans sante nan ane kap vini yo, mwen dakò pou pèmèt DHSS sèvi ak done sou revni, ansanm avèk enfòmasyon ki soti nan deklarasyon enpo yo. DHSS ap voye yon avi pou mwen, kite m fè nenpòt chanjman, epi mwen ka soti nenpòt ki lè.

Wi, renouvle kalifikasyon mwen otomatikman pou pwochen an

☐ 5 lane (kantite ane maksimòm ki pèmèt), oswa pou yon kantite ane ki pi kout:

☐ 4 lane ☐ 3 lane ☐ 2 lane ☐ 1 lane ☐ Pa sèvi ak enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo pou renouvle kouvèti mwen an.

Aplikasyon sa a dwe siyen pa yon manm nan kay la granmoun (ki gen 18 lane oswa plis) oswa pa yon minè emansipe (ki poko gen 18 lane).

Mwen te resevwa "Dwa ak Responsablite" yo epi mwen konprann sa l vle di.

Siyati Aplikan oswa Reprezantan Dat

POU MOUN KI PA KA PALE ANGLE

Yo te ofri sèvis tradiksyon oswa yon manm fanmi oswa yon lòt moun te prezan pou tradui.

Siyati tradiktè a Dat Nimewo Telefòn ak Ajans/Relasyon

ETAP 7

Asistans pou Ranpli Aplikasyon sa a - opsyonèl

Ou ka chwazi yon reprezantan otorize.

Ou ka bay yon moun ou fè konfyans pèmisyon pou pale sou aplikasyon sa a avèk nou, wè enfòmasyon ou yo, epi aji pou ou sou zafè ki gen rapò ak aplikasyon sa a, tankou jwenn enfòmasyon sou aplikasyon w lan epi siyen aplikasyon w lan nan non w. Moun sa a rele yon "reprezantan otorize." Si w ta janm bezwen chanje reprezantan otorize w la, kontakte Sèvis Sosyal ak Sante Delaware (DHSS). Si ou se reprezantan legal yon moun ki nan lis aplikasyon sa a, ajoute prèv nan aplikasyon an.

1. Non reprezantan otorize (Non, Dezyèm non, Siyati)		
2. Adrès		3. Nimewo apatman oswa suit
4. Vil	5. Eta	6. Kòd Postal
7. Nimewo Telefòn () —		
8. Non òganizasyon an		9. Nimewo ID (si sa aplikab)
Lè w siyen, ou pèmèt moun sa a siyen aplikasyon w lan, jwenn enfòmasyon sou aplikasyon sa a, epi aji pou ou sou tout zafè ki gen pou vini ak ajans sa a.		
10. Siyati w		11. Dat (mm/jj/aaaa)

Pou konseye aplikasyon sètifye, navigatè, ajan, ak koutye sèlman.

Ranpli seksyon sa a si w se yon konseye aplikasyon sètifye, navigatè, ajan, oswa koutye k ap ranpli aplikasyon sa a pou yon lòt moun.

1. Dat kòmansman aplikasyon an (mm/jj/aaaa)	
2. Non, dezyèm non, siyati, ak sifiks	
3. Non òganizasyon an	4. Nimewo ID (si sa aplikab)

ETAP 8

Voye aplikasyon konplè a pa lapòs.

Tanpri, itilize anvlòp ki gen adrès ou ak so pou w voye aplikasyon w siyen an pa lapòs. **Si ou pa gen tout enfòmasyon nou mande yo, siyen epi soumèt aplikasyon w lan kanmenm.** Si sa nesèsè, n ap fè swivi avèk ou. Ranpli aplikasyon sa a pa vle di ou oblije achte asirans sante.